



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 1/23/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENTÈDIKSYON POU VWAYAJE DOWNSTATE LA AP LEVE DIMANCH A 7AM**

***MTA ap reprann sèvis bis limite dimanch a 7AM epi ap bay dènye enfòmasyon sou eta ray vwayajè ak liy sobwe anlè yo a 6AM***

Gouvènè Andrew M. Cuomo aswè a te bay enfòmasyon sou tanpèt la pou diskite sou tanpèt la ak reouvèti wout ak transpò piblik nan rejyon downstate la. Entèdiksyon sou vwayaj kounye a pou tout wout eta a ak lokal nan New York City, Long Island Expressway ak Northern State Parkway, ak kafou trans-Hudson Port Authority yo ap leve a 7:00 a.m. demen, dimanch 24 janvyè. Entèdiksyon an rete anvigè jiskas lè sa epi se sèl veyikil ijans otorize, veyikil nan ka danje ak pèsònèl sante piblik enpòtan y ap aksepte.

Anplis, MTA sipoze reprann sèvis bis limite nan New York City demen a 7:00 a.m.

“Entèdiksyon vwayaj ki te soti bonè jodi a te pèmèt ekip dijans yo vanse seryezman nan netwayaj wout yo,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Paske ekip yo kontinye ap entèveni nan tanpèt la epi kondisyon move tan ap diminye, n ap leve entèdiksyon vwayaj la pou Nouyòkè ka reprann aktivite toulejou yo. Sekirite piblik gen yon kokenn enpòtans e nou ankouraje Nouyòkè pou yo kontinye pran prekosyon pandan y ap vwayaje.”

### **Wout ak Pon**

Entèdiksyon vwayaj la sou tout wout eta a ak lokal nan New York City, Long Island Expressway ak Northern State Parkways, ak kafou trans-Hudson Port Authorities yo ap leve a 7:00 a.m. depandan tou sou lòt chanjman nan previzyon meteyo.

Kafou trans-Hudons kap rete fèmen jiska 7:00 a.m. demen se: George Washington Bridge, Lincoln Tunnel, Holland Tunnel, Bayonne Bridge, Goethals Bridge ak Outerbridge Crossing.

Pandan wout yo ap fèmen, sè veyikil dijans otorize, veyikil nan ka danje ak pèsònèl sante enpòtan kap aksepte. Yon vyolasyon entèdiksyon vwayaj la ap pini kòm enfraksyon ki prevwa amann jiska \$300. Yo ka enpoze lòt frè, amann ak penalite tou.

### **Transpò Piblik**

- Otobis – MTA pral reprann sèvis bis limite a 7:00 a.m. demen. Nivo sèvis kap reprann pral depann sou kondisyon wout yo.
- Sobwe, LIRR ak Metro-North –MTA ap kontwole ak vijilans kondisyon ray pandan nwit lan epi pral bay yon evalyasyon pou sèvis reprann nan sobwe anlè yo, LIRR ak Metro-North a 6:00 a.m. Pati anba tè rezo sobwe a ap kontinye fonksyone ak sèvis limite.
- PATH – Port Authority pral kontinye fonksyone nan orè wikenn limite a aswè a ak dimanch maten pou tren PATH.

### **Ayewopò**

Gwo majorite vòl anile oswa ap anile demen nan Ayewopò LaGuardia ak JFK, epi Port Authority ap travay lajounen kou lanwit pou reprann operasyon ofiamezi tan ap eklèsi. Premye arive ak depa sipoze fèt dimanch nan mitan jounen. Nou ankouraje pasaje tyeke stati vòl yo anvan yo kite pou ale ayewopò a.

### **Elektrisite**

Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la pral kenpe lè pwolonje Liy Sekou Sant dapèl li yo. Liy sekou a ap disponib soti 7:30 a.m. jiska 7:30 p.m. dimanch ak lendi pou ede kliyan nan preparasyon yo pou tanpèt la ak travay yo pou retabli apre. Ou kapab rele Liy Sekou Sant Apèl Depatman Sèvis Piblik la nan 1-800-342-3377.

###

Nouvèl anplis disponib nan sit entènèt [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York| Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418